

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina BAB IV, hasil tina panalungtikan bisa dicindekkeun ieu di handap.

Kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda siswa kelas VII-1 SMPN 15 Bandung saméméh ngagunakeun modél CTL kaasup kana katégori “sedeng” dina pangajaran tatakrama basa Sunda, rata-ratana nyaéta 45,48. Hal ieu katingali tin aspék pangajaran tatakrama basa Sunda anu ngawengku aspék basa sopan ka saluhureun, aspék basa sopan ka sorangan jeung aspék loma. Dina aspék basa aka saluhureun samaéméh ngagunakeun modél CTL kaasup kana katégori “cukup” rata-ratana 2,19. Dina aspék basa ka sorangan saméméh ngagunakeun modél CTL kaasup kana katégori “cukup” rata-ratana nyaéta 2,26. Dina aspék loma saméméh ngagunakeun modél CTL kaasup kana katégori “kurang pisan” rata-ratana 0,1. Hartina siswa can maham kana pangajaran tatakrama basa Sunda.

Kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda siswa kelas VII-1 Bandung sanggeus ngagunakeun modél CTL kaasup kana katégori ”hadé” dina pangajaran tatakrama basa Sunda, rata-ratana nyaéta 71,61. Hal ieu katingali tina aspék-aspék pangajaran tatakrama basa Sunda anu ngawengku aspék basa sopan ka saluhureun, aspék sopan ka sorangan jeung aspék loma. Dina aspék sopan ka saluhureun kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda sanggeus ngagunakeun modél CTL kaasup kana katégori “sedeng”, rata-ratana nyaéta 3,00. Dina aspék ka sorangan kaasup kana katégori “sedeng” rata-ratana 2,9. Dina aspék loma kaasup kana katégori “sedeng” rata-ratana nyaéta 1,29. Dumasar kana jumlah soal unggal unsurna, rata-rata anu pangleutikna aya dina aspék loma jeung anu panggedéna nyaéta aspék ka saluhureun lantaran hampir sakabébh siswa bisa ngajawab. Hartina siswa geus maham kana pangajaran tatakrama basa Sunda.

Aya bédha anu signifikan antara kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda siswa kelas VII-1 SMPN 15 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél CTL, bisa katitén rata-rata pretest nyaéta 45,48, ari rata-rata posttest nyaéta

71,61. Béda kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda siswa kelas VII-1 SMPN 15 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél CTL dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji hipotésis ieu ngaggunakeun uji *non-parametric Wilcoxon*. Peunteun signifikan (Asymp. Sig . 2-tailed) nyaéta 0,00 < 0,05.  $H_a$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara *pretest* jeung *posttest*. Ku kituna, bisa dicindekkeun aya béda signifikan antara kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél CTL. Hartina modél CTL bisa jadi alternatif dina pangajaran tatakrama basa Sunda siswa kelas VII-1 SMPN 15 Bandung taun ajar 2023/2024.

## 5.2 Implikasi

Larapna modél CTL dina pangajaran tatakrama basa Sunda miboga implikasi yén modél CTL bisa ditarima ku siswa nalika ieu kagiatan pangajaran lumangsung. Dina prak-prakanana, ieu modél pangajaran téh ngalibetkeun siswa pikeun aktif jeung mawa siswa dina kahirupan nyata sacara indvidu atawa kelompok. Unggal siswa bisa nyokot tina pangalaman hirupna dina ngalarapkeun tatakrama sapopoé. Modél CTL numuwuhkeun jeung mekarkeun tatakrama basa Sunda siswa sarta ningkatkeun kapercayaan siswa dina ngagunakeun basa Sunda. Ayana karonjatan tina ieu panalungtikan hal ieu nunjukeun hasil panalungtikan ngagunakeun modél CTL bisa jadi modél alternatif tur inovatif.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar tina hasil panalungtikan anu dilakukeun, tangtuna aya sababaraha rékoméndasi sangkan ieu panalungtikan bisa dimekarkeun deui kalawan leuwih hadé ka hareupna, anu satulunya bisa ngabantuan dina kagiatan pangajaran. Saperti ieu di handap.

- 1) Modél CTL éféktif jeung bisa ngaronjatkeun kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda. Ku kituna, modél CTL dipihareup bisa dijadikeun salah sahiji modél alternatif ku guru dina pangajaran tatakrama basa Sunda hususna di SMP.

Rendy Tresna Kusmana, 2024

*MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- 2) Métode anu dipaké dina panalungtikan ieu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, tuluy di ayakeun deui panalungtikan lian ti pangajaran tatakrama basa Sunda anu ngagunakeun modél CTL ku ambahan anu leuwih lega deui.